технологических факторов на восприятие литературных произведений в разных эпохах. Таким образом, перевод является динамичным процессом, отражающим как особенности оригинального текста, так и потребности читателя своего времени.

Список литературы

1. Абаева, Е. С. (2019). Культурно-маркированные лингвистические единицы как переводческая проблема при передаче юмористического эффекта.
2. Аутлева, Ф. А., & Симбулетова, Р. К. (2019). Теория, история, и практика художественного перевода.
3. Беляева, Л. Н. (2007). Теория и практика перевода. *СПб.: РГПУ им. АИ Герцена*.
4. Baker, M. (2018). *In other words: A coursebook on translation*. Routledge.
5. Newmark, P. (1988). *A textbook of translation* (Vol. 66, pp. 1-312). New York: Prentice hall.
6. Venuti, L. (2017). *The translator's invisibility: A history of translation*. Routledge.
7. Vinay, J. P., & Darbelnet, J. (1995). Comparative stylistics of French and English.

РЕЗЮМЕ. Мақолада турли даврлар - XIX, XX ва XXI асрлардаги бадиий асарлар таржималарининг қиёсий таҳлили келтирилган. Асосий эътибор XIX асрда матнни эркин мослаштиришдан XXI асрда муаллиф шахсияти ва маданиятлараро ўзига хосликни аниқ етказишга интилишгача бўлган таржима стратегиялари эволюциясига қаратилган. Таржиманинг асосий мақсадлари, қўлланиладиган стратегиялар, асосий таржима намуналари ва маданий воқеликларни етказиш хусусиятлари кўриб чиқилган. Таҳлиллар шуни кўрсатадики, таржима тарихий, маданий ва адабий контекст билан чамбарчас боғлиқ бўлган динамик жараён бўлиб, асл матннинг бадиий хусусиятларини ҳам, ўз даври ўқувчисининг эҳтиёжларини ҳам акс эттиради.

РЕЗЮМЕ. В статье представлен сравнительный анализ переводов художественных произведений разных эпох - XIX, XX и XXI веков. Основное внимание уделяется эволюции переводческих стратегий, от свободной адаптации текста в XIX веке до стремления к точной передаче авторской индивидуальности и межкультурной специфики в XXI веке. Рассмотрены основные цели перевода, используемые стратегии, примеры ключевых переводов и особенности передачи культурных реалий. Анализ показывает, что перевод является динамичным процессом, тесно связанным с историческим, культурным и литературным контекстом, и отражает как художественные особенности оригинального текста, так и потребности читателя своего времени.

SUMMARY. The article presents a comparative analysis of translations of literary works from different eras - the 19th, 20th, and 21st centuries. The main focus is on the evolution of translation strategies, from the free adaptation of the text in the 19th century to the pursuit of accurately conveying the author's individuality and intercultural specificity in the 21st century. The main goals of translation, the strategies used, examples of key translations, and the features of conveying cultural realities are examined. Analysis shows that translation is a dynamic process closely connected with historical, cultural, and literary context, reflecting both the artistic features of the original text and the needs of the reader of its time.

«ҲАЖЫ-ГЕРЕЙ» ДӘСТАНЫНЫҢ СЮЖЕТЛИК ӨЗГЕШЕЛИГИ

Нилуфар Баўетдинова – *магистр*
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Таянч сўзлар: достон, достон поэтикаси, достон сюжети, образлар дунёси, достоннинг ғоявий йўналиши.

Ключевые слова: дастан, поэтика дастана, сюжет дастана, мир образов, идейное направление дастана.

Key words: epic poem, epic poetics, epic plot, world of images, ideological direction of the epic.

«Ҳажы-Герей» дәстаны қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының бири. Дәстанда өз елин сырт ел басып алыўшыларынан қорғаў, туўған елдиң ғәрезсизлиги ушын гүрес сүўретленеди.Дәстанда сүўретленген ўақыялар қалмақ ханларының жылма-жыл жасаған қанлы атланыслары, ел ишиндеги феодаллық қатнасықлар жағдайында Бүркит-Маңғыт елатының батыры *Герей* қалмақ ханы *Тоқсаўылдың* зорлығына қарсы гүресин сәўлелендиреди. «Ҳажы Герей» дәстаны Қурбанбай жыраўдан 1939-1941-жыллары

Сайыпназар Бекназаров тәрепинен латын имласында жазып алынған. Дәстанның көлеми онша үлкен емес, 1710 қосық қатары ҳәм прозалық қара сөзден ибарат. Дәстанның қол жазба нусқасы Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлиминиң қолжазбалар фондында Р-15, №1191 шифр менен сақланады. «Жәмийетлик дөретпелердиң атқарыўшысы есапланатуғын халық жыршылары аўызеки халық поэзиясының дәстүрлерин шебер өлестирип, оның байыўына үлкен тәсирин тийгизеди». [1:236] Дәстанда сүўретленген ўақыялар Герей батыр әтирапында болып өтеди. Бундағы гүрес сыртқы басқыншы жаў қалмақлардан ел-халықты қорғаў. Тийкарғы идея бир-бирине қарсы турған еки күштиң арасындағы гүрес, яғный халықтың ең жақсы идеаллары менен халық душпанларының жаўызлық нийетлери арасындағы гүрес екенлигин көриў қыйын емес. Бул гүрес дәстанда халықтың ең жақсы идеалларын бойына сиңирген Герей сыяқлы унамлы қаҳарман менен қара күшлердиң жаўызлық ҳәм ҳийле-сумлықтың ийелери Жут, Алшағыр сыяқлы унамсыз персонажлардың арасында болады. «Ҳажы-Герей» дәстанының тийкарғы идеялық мазмуны Герей, батырдың ерлик, мәртлик ҳәм қаҳарманлық ислерин оның ўатанды сүйиўшилигин, оның өз халқы ушын сыртқы жаўларға қарсы гүресин жырлаў болып табылады. Дәстанда қалмақ басқыншыларының Хорезм елатына топылысы тийкарғы ўақыялардың бири. Дәстандағы қаҳарманлардың ис-ҳәрекети халық турмысына байланыслы алынып, халықлық идеяны раўажландырыўға қаратылғаны сезиледи. Дәстанның тематикасы да, идеясы да, сюжети менен композициясы да қаҳарманлық дәстанлардағы традицияны сақлай отырып, ўақыядан ўақыя туўдырып қызықлы етип сүўретлейди. Дәстанда батырдың айрықша ерлик ислери, қайтпас ғайраты көтериңки тәрипленгени менен халықтан бөлип қаралмайды. Батыр халық пенен бир сапта турып ҳәрекет етеди. Батырдың күши халық пенен, байланысында көринетуғыны шебер байланыстырылады.

«Ҳажы-Герей» дәстанындағы әҳмийетли мәселелердиң бири – халықлар дослығын жырлаў. Бул идея Қурбанбай жыраўдың репертуарына кирген қаҳарманлық дәстанлардың бәринде де ушырасады. Халықлар арасындағы дослық көбинесе қыйын-қыстаў күнлерде қаҳарманлардың бир-бирине қол созып көмек бериўи нәтийжесинде беккемленип барады. Мәселен, Герейдиң жалғыз өзи көп санлы қалмақ ләшкерине атланғанда, Хорезмнен Айдың улы Айқозы, Жанқозы, Үйсин елден Арғын бий, Сайрамлыдан Сәрўанлы сыяқлы төрт ел батырларының өз ерки менен қосылып, жаўға атланыўы «Қырық қыз» дәстанындағы Гүлайым, Арыслан, Алтынай ҳәм Арзайымның образына уқсас келеди. Дәстанда әдилсизликке қарсы, нәлет айтыў сезими оғада шебер бериледи. Соның менен қатар, ханлар менен қарсылық халық мәпине шешиледи. Халық пенен халық, батырлар менен батырлар досласып жеңиске ериседи. Дәстанда жеке мәптен көре улыўма халықлық мәпти жоқары қойыў сезими күшли бериледи.

«Ҳажы-Герей» дәстаны Хорезм елатында болып өткен жаўгершиликлер тийкарындағы ўақыяларды сөз етеди. Бир ўақлары урыўлық дүзимде жасаған бул урыўлардың ўәкиллери соң бир неше халықлардың қурамына кирген. Ҳәзирги ўақытта бундай урыўлар өзбек, қарақалпақ, қазақ ҳәм басқа да бир қатар миллетлердиң қурамында бар.

«Ҳажы-Герей» дәстанының баслы идеясы – халықтың бирлиги, бөлинип бүлинбеўи, ғәрезсизлик ушын сырт ел басқыншылығына ҳәр қыйлы душпанлық ҳәрекетлерге қарсы гүрес, әдилликти жақлаў, жақсы – минез қулықты, адамгершиликти ардақлаў, халық түсинигинде жаман деп есапланатуғын қәсийетлерди қаралаў, батыр қандай қыйыншылықлар болса да ели ушын, халқы ушын бас тартпаўын көрсетиўден ибарат. Қандай шығармада болмасын, халықлық характерин белгилейтуғын ең баслы көрсеткиш – онда мийнеткешлер массасы ушын ең әҳмийетли болған халық тәғдирине, оның келешегине байланыслы ҳәдийселерди сүўретлеў болып табылады. «Ҳажы-Герей» дәстанында Бабахан патшаны Тоқсаўыл ҳәр жылы келип, жаўлап, барын алып, адамларын қырып, сулыў қызларын алып, тонап күн бермейтуғыны сөз етиледи.

Дәстанда урыс көбинесе жекпе-жек формасында сүўретленеди, еки жақтың ләшкерлери жыйналып турады. Бабаханға күшли, батыр керек еди. Оның хабарын Қыдыр шал жақсы билетуғын еди. Халық алдында Бабахан ойласып кеңесип Герей батырдың хабарын билип алады. Қыдыр шал Бабаханға Герей батыр ҳаққында былай дейди:

«- Бабахан, тыңлаңыз саған арзым бар,
Бизиң еллер ашылған гүл-лалазар,
Ел есабын айта берсем, мен саған,
Бүркит, Маңғыт атлы және елиң бар.

Бүркит, Маңғыт елинде, бир әламат-
Батыр шыққан дейди өзи кәрамат,
Арда бийдиң үлкен ғана баласы.
Герей батыр қай ўақта да кесапат,

Жигит кеўили он бес жаста тасады,
Душпанлардың қанын суўдай шашады.
Герей батыр шығып Маңғыт елинен,
Келип сениң менен урыс ашады». [2:182]

Бабахан бул хабарды еситип, гә қуўанып, гә ойланып, оны шақырып алыўды, сарпай жаўып – жарақ бериўди нийет етеди. Себеби, оған жекпе-жек гүреске шығатуғын күшли батыр керек еди. «Ҳажы-Герей» дәстанында жекпе-жек душпан күши басқа дәстанлардағыдай басым етип көрсетилген. Бабаханның мақсети Герейди қалмақлардың қан ишер дәўи Алшағырға жиберип оларды жекпе-жек гүреске шығарыў ҳәм Герей арқалы Алшағырдан қутылыў еди. Бабаханның шақырғанына қарсылық билдирмей Герей келеди. Ол ата-анасы, иниси менен хошласып, патшаның шақырып атырғанын айтады. Сонда әкеси, балам сақ бол, бул жерде бир сыр бар, - деп кеңес береди. Бирақ, Герей халықтың бахтын тынышлығын қара басының аманшылығынан үстин қойып патшаға қарсылық етпей келеди. Герейдиң ис-ҳәрекети халық турмысына байланыслы алынып, халықлық идеядан келип шыққан ҳалда дөреген образ сыпатында бизге белгили. Герей Бабаханның алдына барып, оған киши пейиллик пенен сәлем береди. Бабахан жүдә кеўили питип, шақырған мақсетин Герей батырға былайынша баян етеди:

«- Хан болғанның бир жағында жаўы бар,
Ел ишинде мың сан еки, даўы бар,
Ҳәр жыл сайын бизди жаўлап кетеди,
Атаңыздың Тоқсаўылдай жаўы бар.

Қасында бар Алшағырдай айбаты,
Ол найсаптың турар емес ғайраты,
Келе ғойса қырып-жойып кетеди,
Жақынласты келетуғын мүддети,

Тоқсаўыл хан аямайды бизлерди,
Қәҳәрленсе айдап кетер сизлерди,
Балам енди бир илажын татасаң,
Бизге келди Алшағырдың хабары.

Палўан болар Хорезмниң балалары,
Алыс емес жақын ара жоллары,
Алдын алып бир илажын етпесек.
Күнге күйер арыўлардың жамалы.

Сол себептен мен жылайман зар-зар,
Қалмақ келсе жетим болар ул қызлар,
Бул қайғына ақыл менен жоллар тап,
Тез арада келер деген қәўпим бар» [2:177]

Бабаханның бул сөзин еситип Герей шыдап тура алмайды. Қатты ашыў қысып, Бабаханның кеўлин жақсы сөзлер менен алды ҳәм исенимине қайыл қалды.

«Ҳажы-Герей» дәстанындағы усындай ўақыялардың берилиўи оның халықлық характерин белгилеў менен бирге мийнеткешлер массасы ушын ең әҳмийетли болған халық тәғдирине, оның келешегине байланыслы ҳәдийселерди сүўретлеў болып табылады. «Ҳажы-Герей» дәстанында ең баслы идея - халықлық идея. Дәстан қарақалпақ халқының өмири күтә әҳмийетли мәселелерди жырлайды. Халықтың душпанларға қарсы гүреси, халықтың тынышлық турмыста жасаўы ушын ең зәрүрли жағдай десек, усы идея дәстанның тийкарғы мазмунын қурайды. Дәстандағы сүўретленген қалмақ қаны Тоқсаўыл ҳәм Алшағыр дәў халықтың тыныш турмысын бузып, халықты қорлап, азап бериўши душпанлар. Тоқсаўыл жылына бир ирет Бабахан журтына шабыўыл жасап, халыққа басқыншылық етип, оларды ўайран етип, дүнья топлап, халықты қул қылып айдап алып кетеди. Халық бундай ҳәрекетке, басып алыўшылыққа барлық жән-тәни менен қарсы. Олар парахат турмыста, әдилликте жасаўды тилейди. Халық массасы зулымлықтан қутылыўды тилеп Гирей батырға шын кеўилден исенеди. «Ҳажы-Герей» дәстанының идеялық мазмуны ондағы образлардың характеристикасынан, олардың ис-ҳәрекетлеринен айқын көринеди. Сонлықтан, биз енди дәстандағы образларға тоқтаймыз. Себеби, жумысымыз барысында айтылып атырған халықлық идея - халықтың азатлығы ҳәм бахты ушын гүреси усы образлар, қаҳарманлар ҳәм дәстан қатнасыўшыларының ис-ҳәрекетлери арқалы бериледи.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. – Нөкис: Билим, 1996.
2. Қарақалпақ фольклоры. (43-56-томлар (көп томлық)) – Нөкис: Илим. 2012.

РЕЗЮМЕ. Мақолада халқ оғзаки ижоди намуналаридан фойдаланилган. Миллий қадриятлар, ота-бобалар тарбияси ҳақида фикрлар айтилган. Мақолада ёшлар тарбияси учун зарур тарбиявий ҳислатларни шакллантирадиган ҳаётий мисоллар берилган.

РЕЗЮМЕ. В статье говорится об одной из актуальных проблем сегодняшнего дня- о человечности. В ней поднимаются вопросы формирования у молодёжи таких качеств как дружба и человечность. В статье используются образцы устного народного творчества. Высказываются мнения о воспитании наших предков, о национальных ценностях. Приводятся примеры из жизни имеющие учебно-воспитательную ценность в формировании нравственности у молодёжи.

SUMMARY. The article deal wint one of the actual issues today humanity.The article is said about one of the most important problems of humanities There are discussed such questions as forming friendship and humanity in the upbringing of youth. The author used the samples of folklore and quoted the ideas of our ancestors about education and national values. The examples from real life have educational value for the youth in the formation of morality.

QARAQALPAQSTANDA BILIMLENDIRIW TARAWÍNA TIYISLI ONLAYN MEDIALARDÍŃ RAWAJLANÍW BASQÍSHLARÍ HÁM KLASSIFIKACIYASÍ

Dauletmuratov Taxir Piratdinovich – *oqıtıwshı*
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı

Tayanch so‘zlar: jurnalistika, axborot, ijtimoiy tarmoqlar, ommaviy kommunikastiya vositalari, internet, video tasvir, audio yozuv, foto tasvir, muloqot vositasi, veb-sayt.

Ключевые слова: журналистика, информация, социальные сети, средства массовой коммуникации, интернет, видеозапись, аудиозапись, фотография, средство общения, веб-сайт.

Key words: journalism, information, social networks, mass communication media, internet, video recording, audio recording, photography, communication tool, website.

Onlayn media – búgingi kúnde málimlemeni tarqatıwdıń eń nátiyjeli hám operativ quralı bolıp esaplanadı. Sońǵı jılları Qaraqalpaqstan Respublikasında da onlayn málimleme qurallarınıń sanı hám tásiri artpaqta. Olar arqalı jámiyet ushın áhmiyetli bolǵan máseleler, sonıń ishinde, bilimlendiriw tarawı da sáwlelendirilip barıladı. Bárshemize málim, házirgi waqıtta sociallıq tarmaqlar bilimlendiriw mákemelerinde maǵlıwmatlardı tarqatıw, oqıtıw, úyreniw hám oqıwshı-studentler menen baylanıs ornatıwda áhmiyetli quralǵa aylandı. Sonlıqtan bilimlendiriw tarawına tiyisli onlayn medialardıń rawajlanıw basqıshların bir neshe tiykarǵı dáwirlerge bóliwimiz múmkin. Bul basqıshlar texnologiyalıq rawajlanıw, internet ǵalabalasıwı hám bilimlendiriwge bolǵan talaptıń ózgeriwi menen baylanıslı halda qáliplesken. Bul basqıshlardı xronologiyalıq hám mazmunı boyınsha tómendegishe bólip úyrensek boladı.

1. Dáslepki basqısh (1990-jıllar aqırı – 2000-jıllar bası);
2. Bekkemleniw hám platforma dáwiri (2005-2012);
3. Ǵalabalıq onlayn kurslar hám interaktiv bilimlendiriw (2012-2018);
4. Lokalizaciyalaw hám qánigelesiw (2018-2022);
5. Jańa texnologiyalar hám jasalma intelekt integraciyası (2023-jıldan házirge shekem).

Bul joqarıdaǵı 5 basqısh bilimlendiriw tarawına tiyisli onlayn medialardıń rawajlanıw basqıshları bolıp, hár bir basqısh óziniń basqıshpa-basqısh rawajlanıw kritieriyaların óz ishine aladı. Hár bir basqıshtıń ózine tán qásiyetlerine tolıq toqtap ótemiz.

1. Dáslepki basqısh (1990-jıllar aqırı – 2000-jıllar bası);

Bul basqısh dáwirinde internet sheklengen bolıp, tek belgili bir shólkemler, universitetler hám ilimiy mákemelerde bar bolǵan. Óytkeni, bul dáwirde ápiwayı paydalanıwshılar ushın internet qımbat hám qolaysız edi. Sebebi, Dial-up modemlar arqalı paydalanılǵan.

Dial-up modemlar – bul internetke jalǵanıw ushın telefon liniyaları arqalı isleytuǵın arnawlı qurılmalar bolıp esaplanadı. Olar 1990-jıllar hám 2000-jıllardıń baslarında keń tarqalǵan edi. Búgingi kúnde Dial-up modemlar derlik qollanılmaydı. Olardıń ornın ADSL, Optik talshıqlı internet, Oi-Fi hámde 4G/5G mobil baylanıslar iyeledi.